



Tik ak Marengwen

Chanjman klimatik yo rann li fè pi cho nan sezon chalè epi akoz sezon sila a dire pi lontan. Tanperati nan kòmansman sezon prentan ak fen sezon otòn yo ogmante epi gen mwens nuit kote li fè frèt.

Chanjman tanperati sa yo ogmante kantite jou tik yo aktif epi ogmante risk maladi tik pwovoke yo tankou maladi Lim ak Babesyo.

Chanjman klimatik la ogmante tou kantite jou chalè nan ete a ak kanti jou kote gen gwo lapli. Lè gen plis lapli ak sezon chalè ki dire pi lontan, sa ogmante kantite jou marengwen yo kale epi mòde, sa ki mennen nan yon pi gwo risk pou transmèt maladi marengwen pwovoke tankou virus Nil Oksidental (WNV) ak Ansefalist Ekin Lès (EEE).

Ki moun ki plis an danje?

- Moun kap travay, jwe, oswa fè espò deyò
- Moun ki gen zannimo domestik ki ale deyò



Kisa nou kapab fè nan ka sa a?

Tik:

- Mete chemiz manch long, pantalon long, ak chosèt lè w deyò
- Verifye tèt ou, timoun, ak zannimo domestik ou yo pou wè si pa gen tik aprè yo fin pase tan deyò a
- Ou dwe fè anpil atansyon ak sentòm maladi tik yo pwovoke, tankou gratèl ki parèt tankou "gwo mak wouj"
- Aprann plis sou kijan pou [evite maladi tik](#)



Marengwen:

- Sèvi ak ensektisid lè ou deyò
- Mete rad manch long
- Planifye aktivite w ap reyalize deyò yo, yon fason pou evite pase tan avanjelis ak tan douvanjou yo deyò pandan sezon marengwen yo
- Repare fenèt ak pòt ki kraze yo rapid
- Retire ma dlo nan zòn ki alantou lakay ou
- [Aprann plis sou kijan pou evite maladi moustik yo bay yo.](#)

W ap jwenn plis enfòmasyon sou:
mass.gov/ClimateAndHealth



Bureau of Climate and Environmental Health
Environmental Toxicology Program
Massachusetts Department of Public Health